



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 26 avril 2012

**GOVENE CUOMO ANONSE INISYATIV ENEJI PWOP AK ANVIWONMANTAL PANDAN REYINYON KABINE  
POU SEMENN LATE**

Gouvènè Andrew M. Cuomo konvoke jodi a un reyinyon kabinè pou Semenn Latè pou anonse yon seri inisyativ inovatris enèji pwòp ak anviwonmantal ki pral pwoteje pakèt resous natirèl eta nou an, ogmante konsèvasyon enèji, ak kreye djòb atravè Eta New York.

“Eta New York gen yon long istwa chaje ak glwa nan dirije nasyon an nan pwoteksyon anviwonman ak pwomosyon enèji pwòp ak abòdab,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Soti nan On-Bill Recovery Financing Program lan, rive nan NY-Sun Initiative, ak pwojè Energy Highway, Eta New York toujou jwe yon wòl premye plan nan kreye yon fiti pi dirab ak pi pwòp. Inisyativ yo anonse jodi a pral pèmèt biznis, pwopriyete kay, ak kontribiyab fiskal fè ekonomi, epi pral ede garanti eta nou an rete yon lidè nan pwodiksyon enèji pwòp ak pwoteksyon anviwonman.”

Gouvènè a te anonse jodi a gwo tonton nouvo investisman nan pwojè enèji pwòp ak anviwonmantal atravè New York Power Authority (NYPA) a ak New York State Energy and Research Development Authority (NYSERDA) a, ki enkli \$450 milyon dola pou redui 20% nan konsomasyon enèji nan bilding piblik ak lòt ensitatif pou pwopriyete kay ak biznis pou enstale sistèm elektrik solè. Gouvènè a te anonse tou Intertek, yon founisè premye plan entènasyonal nan kesyon tèl ak sètifikasyon asirans kalite, pral ouvri premye Solar Testing Laboratory East Coast la nan Cortland epi pral lanse yon nouvo Wind Turbine Blade Testing Lab nan Clarkson University.

Gil C. Quinones, Prezidan ak CEO, NYPA, te di konsa, “Gouvènè Cuomo te prezante yon vizyon odasye pou ranfòse efikasite enèjetik otorite eta ak lokal yo pou redui itilizasyon enèji, fakti sèvis piblik, ak emisyon kabòn. Akselasyon ak ogmantasyon investisman nan teknoloji pou ekonomize enèji, tankou sa Gouvènè a te anonse jodi a, pral pote gwo benefis pou anviwonman. Mezi sa yo pral tou kreye djòb, fè ekonomi enèji rete nan Eta New York, epi libere fon pou sèvis esansyèl enstalasyon piblik taks ap sibvansyone yo.”

Francis J. Murray Jr., Prezidan ak CEO, NYSERDA, te di konsa, “Gouvènè Cuomo te prezante Eta New York kòm yon lidè nan inisyativ efikasite enèjetik pandan li tap an menm tan ogmante anpil pòtfèy enèjetik

Haitian Creole

renouvlab Eta a. Envestisman sa yo kontinye pou ka mete limyè sou angajman New York pran pou l ogmante ekonomi enèji pwòp li, pwoteje anviwonman an, ak diminye kou enèjetik pou tout nouyòkè.”

Gouvènè a te anonse tou lansman Green Initiative nan New York State Pollution Prevention Institute nan Rochester Institute of Technology a ki pral founi biznis nan New York ekspètiz ak strateji pou redui itilizsyon materyèl danjere ak amelyore dirablite. Anplis, Gouvènè Cuomo te anonse jodi a yon seri pri ki desène bay pwogram anviwonmantal leta ak etidyan inivèsite nan kanpis New York pou inisyativ vèt ak dirab. Benefisyè yo se State Environmental Facilities Corporation pou Green Infrastructure Grant Program li a, Department of Environmental Conservation (DEC)'s Hudson River Estuary Program, ak New York State Pollution Prevention Institute a, yo chak te resevwa pri nan men Ajans Pwoteksyon Anviwonmantal Ameriken an.

Komisyonè DEC Joe Martens te di konsa, “Gouvènè a te fè reyalizasyon anviwonmantal ki etabli yon presedan atravè gwo inisyativ lejislatif ak investisman enpòtan nan pwoteksyon lè, dlo ak espas ouvri nan New York. Apwòch inovatris New York pou adrese pwoblèm anviwonmantal ap resevwa rekonesans nasyonal byen merite nan men EPA. Pwogram sa yo ilistre kijan Eta New York entegre devlopman ekonomik ak pwoteksyon anviwonmantal.”

Rose Harvey, Komisè Office of Parks, Recreation and Historic Preservation lan te di konsa, “Pak New York se yon bijou presye pou eta nou an, li ofri yon kote pezib, bèl, ak repozan pou milyon rezidan nou yo chak ane. Mwen di ayibobo pou Gouvènè Cuomo paske li te garanti pak nou yo te resevwa fon nesèsè pou pwojè enfraskrikti yo kòmanse kounye a ak pou trezòsa yo restore.”

**Men detay inisyativ ki te diskite nan reyinyon kabinè jodi a:**

**\$450 Million Angagman pou Efikasite Enèjetik Nan Bilding Leta:**

NYPA pral finanse anviwon \$450 million nan pwojè efikasite enèjetik rantab sou kat pwochen lane yo, avèk yon objektif ki se redui 20% nan konsomasyon enèjetik nan biliding Eta. Amelyorasyon efikasite vle di nouvo aparèy ekleraj, sistèm chofaj, vantilatè, ak è kondisyone, motè elektrik, ak sistèm jesyon enèjetik otomatik. Pou anpil pwojè, oken finansman lajan pa nesèsè imedyatman, paske ekonomi enèjetik pral sèvi pou peye prè yo.

Finansman pral jwenn bilding ki pi gwo ak pi inefikas yo. Enfòmasyon aktyèl bilding yo pral sèvi pou priyorize bilding Actual building data will be used to prioritize buildings pou refeksyon, epi bilding ak kanpis pi inefikas yo pral renove avan. NYPA gen lentansyon tou pou finanse yon lòt \$350 millyon sou kat pwochen lane yo pou finanse efikasite enèjetik ak sèvis teknik pou goudenman ak lekòl konte ak lokal, nan ede deminye chaj goudenman lokal pou kontribiyab yo. NYPA itilize finansman bon mache pou pwojè sa yo epi rekipere kou li yo nan pataj ekonomi fakti elektrisite lap benefisyè a.

## **Sant Esè Solè ak Pal Ewolyènn ap Vini nan New York**

NYSERDA te fè kado \$4,2 milyon bay Intertek, yon founisè entènasyonal leading nan tès ak sètifikasyon asiran kalite, pou l ouvri premy Laboratwa Esè Solè sou Kòt Lèsnan lokal Intertek nan Cortland, NY, ak pou lanse yon nouvo Laboratwa Esè Pal Ewolyènn nan Clarkson University.

Intertek pral asosye ak Clarkson University, Rochester Institute of Technology, Alfred State College, Binghamton University ak AWS TruePower pou fòme Center for Evaluation of Clean Energy Technology (CeCeT) a, yon òganizasyon ki pral nan avantaj fabrikasyon teknoloji enèji pwòp ak aksè la bay pou jwenn ekipman ak ekspètiz pou fè tès. Laboratwa pou fè tès akredite pou teknoloji renouvlab pral rann li pi fasil pou fabrikasyon - patikilyèman sa ki nan Northeast - pou jwenn pwodui sètifye ak pare pou market.

## **Inisyativ NY-Sun pou Kwadruple Devlòman Solè Anyèl nan lane 2013**

Cuomo te lanse Pwogram NY-SUN pou double kantite enèji solè ki enstale chak ane nan New York pou kliyan lokal yo, epitou pou miltipliye kantite a pa kat (4) nan ane 2013. Gouvènè a te prezante Pwogram NY-SUN nan Diskou 2012 li sou Sitiyasyon Eta a.

Inisyativ NY-Sun mete ansanm epi elaji pwogram egzistan NYSERDA, Long Island Power Authority (LIPA), ak NYPA ap jere yo, pou garanti yon plan ekspansyon enèji solè kowòdone byen finansè.

Nan dat 29 avril, nan okazyon Jounen Latè, Komisyon Fonksyon Piblik la te dakò pou yo te double finansman NYSERDA pou customer-sited sistèm enèji solè, yo rele sistèm enèji solè fotovoltaik (PV) jiska \$432 milyon sou kat pwochen lane yo. Pwogram ogmantasyon enèji solè a pral ogmante prim finansye pou gwo pwojè komèsyal PV, epi pou ogmante pwogram prim pou sistèm rezidansyèl ak komèsyal ki piti ak mwayen.

## **Pwogram Anviwonmantal Leta USEPA ap Onore**

Jou vandredi nan Manhattan, plizyè nan pwogram anviwonmantal leta a pral resevwa 2012 EPA Environmental Quality Awards. Pri yo pral ale jwenn:

- State Environmental Facilities Corporation lan, fpou Green Infrastructure Grant Program li an ki te gen finansman dirèk kòmandite \$160 milyon pou 100 pwojè nan tout eta a ki pwoteje vwa navigab nou yo ak pou fè kominote nou yo vinn vèt.
- Pwogram Hudson River DEC a lan, pou konsèvasyon rich eritaj natirèl ak senik basen Hudson River a.
- New York State Pollution Prevention Institute a, pou pwomosyon dirablite ak inovasyon nan konpay nan tout eta a.

## **Inisyativ Vèt Lanse pou Inovasyon Komès**

Jodi a, Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal ak New York State Pollution Prevention Institute (NYSPP2I) la te lanse Green Initiative la pou bay yon fèy de wout dirab pou biznis nan New York.

Inisyativ lan te vinn posib grasa yon alokasyon \$1.6 milyon ki te soti nan Fon Pou Powoteksyon Anviwonmantal. Pwogram Green Initiative pral voye monte teknoloji ak pwodui vèt kap parèt nan pwochen nivo nan komèsyalizasyon pral bay ekspètiz nan devlopman yon chenn apwovizyonman fabrikasyon pi dirab.

Lane dènyè, P2I te ede biznis nan New York elimine itilizasyon 851.000 liv dechè ak materyèl danjere, redui itilizasyon materyèl ki pa danjere de 10.000 liv, epi koupe itilizasyon enèji elektrik de 945.000 kwh ak itilizasyon dlo de 6.2 milyon galon. Rediksyon sa yo ekonomize konpayi patisipan syo \$346.000 nan lane 2011.

## **Etidyan Inivèsité Onore pou Inovasyon Dirablite nan Kanpis**

Komisyone Martens te prezante jodi a gagan konpetisyon P2I “Greening Your Campus”, ki te fèt yè nan Empire State Plaza Conference Center a. Dis gwoup ki soti nan inivèsite – Clarkson University, Rensselaer Polytechnic Institute, Rochester Institute of Technology, ak University of Buffalo – te gen defoi pou yo pwopoze yon solisyon pou yon aktivite spesifik nan inivèsite yo ki genyen yon gwo anprent anviwonmantal.

Gwoup ki genyen an soti nan Clarkson University. Li te demontre jiska \$600.000 nan ekonomi enèjetik potansyèl atravè enstalasyon captè ekleraj ultrasonik nan dètwa inivèsite.

## **Renovasyon Spektakilè nan Niagara Falls State Park atravè NY Works**

Semenn sa a nan Niagara, Komisyone Pak Rose Harvey revele deday Niagara Falls State Park Revitalization Initiative lan. Inisyativ la features yon investisman \$25 milyon pou enfastructure nan pak leta ki pi ansyen nan Etazini epi enkli yon nstalasyon enèji solè

Investisman ap fèt atravè NY Works Fund lan. Ak \$89 milyon nan investisment leta ak \$54 milyon nan fond kòmandite, NY Works se sèl pi gwo investisman kapital nan listwa Pak Leta.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418